



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 14 jiyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO STRIKE FORCE SIGARÈT POU SEZI PRESKE \$1.7 MIYON DOLA NAN KONTREBANN SIGARÈT AK LAJAN KACH NAN PREMÈ 6 MWA**

***Strike Force te sezi 2.5 milyon sigarèt ak 24,000 fo tenb pou taks sigarèt***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke nouvo Strike Force sigarèt pou sible trafik tabak ilegal ak lavant te deja sezi preske \$1.7 milyon dola nan lajan kach ak kontrebann ki gen ladann 2.7 milyon sigarèt ak siga nan premye sis mwa l.

“Kontrebandye sigarèt yo ta dwe sou avi—administrasyon nou an pa pral rete kanpe pou moun sa yo kap vyole lalwa ak vòlè kontribyab yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk 36 entèvansyon separe depi janvye, Strike Force Sigarèt la ap diminye agresivman sou moun kap stoke, trafik, oswa vann pwodui kontrebann sa yo. Siksè rapid sa a se yon rapèl a moun kap fè trafik yo ke New York gen zewo tolerans pou aktivite ilegal, e moun kap kontinye nan chemen sa pral tradwi devan lajistis.”

Sigarèt ak sezi ki gen rapò a tabak pa Strike Force, yon inite nan Depatman Taks ak Divizyon Envestigasyon Finans Kriminèl Eta New York, te sede \$1.68 milyon nan kontrebann. ak lajan kach, sa ki gen ladann:

- 12,236 katon sigarèt ki pa takse (200 pa katon = 2,447,200 sigarèt)
- 254,873 siga
- 2,061 liv nan tabak anvrak
- 24,773 fo tenb taks sigarèt

Ou ka wè foto ak deskripsyon pwodui ki sezi yo [la](#).

Gouvènè a te siyen yon lwa ane pase ki otorize Depatman Taks pou enpoze yon penalite jiska \$600 dola pou chak katon sigarèt sezi ki sele ilegalman oswa ki pa sele - yon ogmantasyon de \$150 pa katon. Taks

Haitian Creole

aktyèl la sou yon pake 20 sigarèt nan eta New York se \$4.35; nan vil New York gen yon \$1.50 anplis nan taks ki te ajoute a \$4.35.

## **Efò Koperatif**

Siksè Strike Force la se rezilta anpati de wo nivo koperasyon ant Depatman Taks ak 12 ajans lokal kap fè respekte lalwa.

“Tout ajans sa yo reyalize ke moun pami nou kap vann sigarèt ilegal yo se yon menas a revni taks gouvènman. Sa yo se krim ekonomk ki ranpli pòch kriminèl yo,” te deklare Depatman Taks ak Komisyone Finans Thomas H. Mattox.

Nan konbine resous yo, manm yo nan Strike Force te amelyore baz done entelijans ki gen rapò a krim e yap pataje enfòmasyon enpòtan kòm yap travay ansanm pou demantle gwo òganizasyon trafik sigarèt.

Nan nan pi gwo operasyon ki te fèt pa Strike Force, Depatman Taks la te sezi [3,236 katon](#) sigarèt kontrebann nan Brooklyn, ansanm avèk 3,795 fo tenb taks ak plis pase \$130,000 dola lajan kach. Nan yon lòt baleyaj, ajan yo te arete yon rezidan Queens epi akize l avèk transpòte [942 katon](#) sigarèt ki gen so andeyò eta ki pa takse.

Nan yon efò pou ranfòse travay yo, Strike Force la pa twò lonta de sa te anboche Robert Michaelis to dirije ekip la. Michaelis te pase 25 ane nan Administrasyon pou Kontwòl Dwòg Etazini. Li ranplase Chèf Strike Force Sigarèt Michael W. Spinosa, ki te jwenn pwomosyon nan pozisyon Direktè pa Entèrim Envestigasyon, Divizyon Envestigasyon Kriminèl.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE